



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 17/10/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW CUOMO AK PDG EMPIRE STATE
DEVELOPMENT HOWARD ZEMSKY SOU TESLA ANSANM AVÈK
KOLABORASYON PANASONIC NAN IZIN SOLARCITY RIVERBEND**

Gouvènè Andrew M. Cuomo ansanm avèk Prezidan ak PDG Empire State Development (ESD) Howard Zemsky jodia te felisite akò Tesla ak Panasonic nan prensipal pou kolabore sou manifakti fotovòltayik, selil ak modil nan izini RiverBend SolarCity. Akò a kondisyonè sou apwobasyon aksyonè yo nan akizisyon Tesla SolarCity. Vòt la pwograme pou 17 Novanm 2016.

Deklarasyon Gouvènè Andrew Cuomo:

“Renesans ekonomik Buffalo kontinye avèk akò Tesla ak Panasonic pou kolabore sou selil ak modil manifakti fotovòltayik –yon eleman santral nan pwodiksyon pano solè SolarCity. Apre plis pase 50 ane krousplisman ak deklen, nou te wè trajektwa tandans nan ogmantasyon nan Lwès New York avèk yon elan transfòmasyon nan yon laj varyete endistri. Envestisman nou yo nan rejyon an ap kontinye pote fwi, e akò sa ap plis simante pozisyon Lwès New York kòm yon lidè nasyonal nan teknoloji enèji pwòp ak inovasyon de pwent.”

Prezidan ak PDG ESD, Howard Zemsky te deklare:

“Patenarya Tesla avèk Panasonic pral pote espesyalizasyon manifakti nan nivo mond-yal sou tab la, ranfòse konpetisyon ak pozisyon tout rejyon an pou pwochen revitalizasyon ekonomik. Lè nou pote Tesla ak Panasonic ansanm, patenarya inovè sa pral transfòme Buffalo an yon lidè nasyonal nan pwodiksyon enèji pwòp, fyab, ak abòdab. Sa a se yon akò nan gwo nivo ki pral kenbe elan ale delavan nan Lwès New York pou ane kap vini yo.”

Konsèy Administrasyon SolarCity [te aksepte òf akizisyon \\$2.6 milya Tesla](#) nan mwa out ane sa ak Komisyon Komès Federal (Federal Trade Commission) te bay apwobasyon anti-monopòl pou Tesla achte SolarCity. US. Komisyon Sekirite ak Echanj (U.S. Securities and Exchange Commission) te apwouve fizyon ki te deklanche yon vòt aksyonè yo ki prevwa pou fèt nan mwa Novanm.

GigaFactory SolarCity 1.2 milyon pye kare a nan RiverBend fini avèk travay kounye a kap santre sou pwosesis amenajman enteryè a, sa ki gen ladan enstalasyon ekipman manifakti pano solè espesyalize. Lè li fini, yo atann ke Gigafactory a pwodwi apeprè

10,000 pano solè chak jou. E jan li te anonse anvan, SolarCity pral kreye plis pase 1,460 djòb nan Lwès New York.

Anba kondisyon kontra lwaye ki rele bati nan gou lokatè a ki fèt ant leta ak SolarCity, yo egzije konpayi an pou li reyalize pwen pa pwen bagay espesifik nan fonksyonman an pandan premye 10 an kontra lwaye a, ki enkli pou anplwaye yon sèten kantite travayè nan etablisman an epi nan Eta New York la nan peryòd tan ke yo espesifye ki vin aprè etablisman an fin bati. Yo egzije Konpayi an tou pou li depanse oswa bay garanti sou apeprè 5 milya dola nan lajan konbine, depans fonksyonman epi lòt kou nan Eta New York la pandan 10 ane ki vin aprè kapasite pwodiksyon anplèn an.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418